

Kisa pou fè lè gen pinèz nan biwo oswa nan imèb komèsyal

- o Pinèz konn parèt detanzantan nan biwo oswa nan espas komèsyal.
- o Kidonk li ta bon pou biznis yo pran prekosyon e pou yo prepare yo sizoka ta gen pinèz ki vin anvayi espas yo a.
- o Anplwaye yo kapab aprann plis enfòmasyon sou pinèz nan fèy enfòmasyon y ap jwenn sou pòtay pinèz Vil Nouyòk la (<http://nyc.gov/health/bedbugs>), epi gras a fòmasyon ke anplwaye yo esponsòriz.

Fè rapò sou posibilite prezans pinèz

- o Ankouraje pèsonèl la pou l kontakte sipèvizè yo imedyatman depi yo panse yo wè yon pinèz. Al gade nan gid ki rele Kouman pou debarase w de pinèz ak anpeche yo anvayi san danje (*Preventing and Getting Rid of Bed Bugs Safely*) ki sou sit (<http://www.nyc.gov/html/doh/downloads/pdf/vector/bed-bug-guide.pdf>) la pou jwenn konsèy sou kouman pou idantifye yo.
- o Sipèvizè yo dwe kontakte moun oswa depatman ki responsab antretyen imèb ak aktivite operasyonèl yo imedyatman pou y al konfime prezans pinèz yo e pou yo sa pran aksyon pou anpeche yon anvayisman.

Konfimasyon prezans pinèz yo

- o Li enpòtan pou asire w ke ensèk ou te wè a se te yon pinèz toutbon vre.
- o Pran epi kenbe youn nan ensèk ou sispèk se pinèz yo epi montre yon pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib, pou l sa konfime si se yon pinèz li ye vreman.

Kijan pou trete rapò sou posibilite pinèz yo

- o Tout moun konsène pa prezans pinèz, kidonk se pou nou konsidere nenpòt rapò anplwaye fè sou sa seryèzman e se pou nou regle kesyon sa a san pèdi tan.
- o Si genyen nenpòt anplwaye yo sispèk se limenm ki sous k ap mennen pinèz anndan imèb la, avèti Depatman resous imèn nan pou li jere kesyon an defason konfidansyèl.
- o Chache dekouraje tout tripotaj k ap fèt sou sous posib k ap mennen pinèz la.
- o Asire tout anplwaye yo ke y ap trete pwoblèm nan seryèzman e ke yo pran sèvis yon pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib pou regle pwoblèm nan. Bay yon delè pou sa, lè li posib.

Chwazi epi travay ak yon pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib

- o Se pa tout ajan oswa pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib ki gen menm eksperyans nan idantifikasyon ak jesyon pinèz. Gade nan fèy enfòmasyon an : Chwazi ak travay ak yon pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib la (*Choosing and Working with a Pest Management Professional*) pou kapab jwenn konsèy.
- o Genyen kèlke pwofesyonèl ki sèvi ak chyen ki antrene pou pran sant pinèz pou ede yo detekte yo. Byenke chyen ki byen antrene e ke yo byen kontwòle ofri plizyè avantaj, se pa toutan li nesèsè pou sèvi avèk yo.
- o Enfòm pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib la avèk anplwaye w yo osijè detay plan kontwòl ensèk nuizib ke ou devlope ak. Plis yo konnen sa k ap fèt, plis sa ap rasire yo ke pwoblèm nan ap trete defason apwopriye.

Si yo konfime prezans pinèz

- o Eksplike pèsonèl la ekzakteman kisa y ap fè pou anpeche yon anvayisman pinèz, ba li dat ekzak kilè pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib yo ap fè enspeksyon oswa tretman yo.
- o Si yo sèvi ak yon (oswa plizyè) pestisid, distribiye kopi etikèt ki sou pwodui yo itilize yo ansanm ak Fèy ransèyman sou sekirite materyèl yo (MSDS : Material Safety Data Sheet) bay pèsonèl la, si yo mande li.
- o Si li nesèsè pou aplike yon pestisid, asire ke pwofesyonèl k ap okipe zafè jesyon ensèk nuizib la chwazi pestisid ki mwen toksik la men ki efikas kantmèm, e ke li aplike li nan zòn byen espesifik e lè anplwaye yo pa la. Mande si genyen nenpòt moun ki siseptib gen pwoblèm ak nenpòt nan pwodui y ap itilize yo epi, si genyen, voye yo nan Depatman sante ak sekirite pou anplwaye oswa nan Resous imèn.

Si yo pa konfime prezans pinèz

- o Ankouraje pèsonèl la pou li toujou kontinye veye e pou l rapòte nenpòt lòt anvayisman yo ta sispèk.
- o Toujou kontinye fè enspeksyon regilyèman nan biwo a; li preferab ke se yon pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib ki fè enspeksyon sa yo.